# Ж.ӨТЕНИЯЗОВТЫҢ БАЛАЛАРҒА АРНАЛҒАН ГҮРРИҢЛЕРИНИҢ ИДЕЯ-ТЕМАТИКАСЫ

**Мамбетниязова М.**
*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты, Нөкис*

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.14558331**

Қарақалпақ балалар әдебиятын раўажландырыўға өз үлесин қосып атырған жазыўшы-шайырларымыздың бири Өзбекстан Жазыўшылар аўқамының ағзасы, «Дослық» ордени ийеси Ж.Өтениязов. Оның ҳәзирге шекем балаларға арналған «Жолақ жайын», «Еки мақтаншақ», «Аралдағы акула», «Моншақ», «Өз ўатаныңды сүйип жаса», ҳәм «Өткен әсир ўақыялары» атлы прозалық, поэзиялық топламлары баспадан шыққан. Ол балалар әдебиятына дәслеп 1991-жыл баспадан шыққан «Шолақ жайын» атамасындағы балаларға арналған китабы менен кирип келген еди.[1] Талант ийесиниң балалар ушын арнап жазған бир қанша дөретпелери өзбек балалар әдебияты, қарақалпақ балалар әдебияты антологиясына, мектеп сабақлықларына киргизилди. Ж.Өтениязов аўдарма тараўында жәҳән әдебиятының ири ўәкиллери К.Д.Ушинскийдиң «Қоянның шағымы» гүрриңлер-қосықларынан ибарат китабын, А.С.Пушкин, С. Маршактиң қосық, ертеклерин қарақалпақ тилине аўдарып, баспадан шығарды.

Усы күнге дейин жазыўшының дөретиўшилиги туўралы П.Нуржанов[2], З.Бекбергенова[3], Қ.Оразымбетовлар[4] сыяқлы бир қанша әдебиятшы илимпазлар тәрепинен илимий көз қарастан унамлы баҳасын тапқан болса, К.Каримов[5], А.Турекеева[6] ҳәм Ш.Сийпатдинов[7] сыяқлы жазыўшы-журналистлер қәлемлес сыпатында баспасөзде өз пикирлерин жәриялады. Соған қарамастан биз өз мақаламызда Ж.Өтениязовтың балалар әдебиятының проза бағдарында жазған әдебий дөретпелерине айрықша тоқталып, таллаў жүргизиўди, мүмкиншилиги болғанынша автордың гүрриңлериниң идея-тематикасының тийкарғы бағдары, өзиншеликлери ҳәм жетисkенликлерин ашыўды мақсет еткенбиз.

---

[1] Бекбергенова З. Бала тили пал…. –Нөкис:Қарақалпақстан. 1997. 5-бет.
[2] Нуржанов П. Тынып-тыншымайтуғын талант ийеси //Еркин Қарақалпақстан. –Нөкис, 2009-жыл. 3-март. №27.
[3] Бекбергенова З. Бала тили пал…. –Нөкис:Қарақалпақстан. 1997. 5-бет.
[4] Өтениязов Ж. Таңламалы шығармалары.–Тошкент: Янги китоб. 2020.6-бет
[5] Өтениязов Ж. Таңламалы шығармалары.–Тошкент: Янги китоб. 2020. 3-бет
[6] Турекеева А. Ҳәмме иске үлгерип биледи//Қарақалпақстан жаслары. 2009-жыл
[7] Сийпатдинов Ш.Туўылған жерге садықлық туйғысы менен…//Қарақалпақстан жаслары. 2009-жыл 26-февраль. **№9.**

Ж.Өтен響язов ғәрезсизлик дәўири балалар прозасында өз орнын жарата алған дөретиўшилердиң бири десек болады. Себеби, ол соңғы жыллар ишинде көркемлик изленислери жаңаша бағдардағы бир қанша шығармаларын дөретип оқыўшылар қәўимине усынды. Профессор Қ.Оразымбетов «Жуманияз Өтениязов прозалық шығармаларды да дөретип турады. Оның «Узын ҳәм келте», «Урланған сейф» атлы детектив ҳәм ҳүжжетли гүрриңлер, балаларға арналған «Аралдағы акула» гүрриңлер топламлары баспадан шықты»[8] деп оның поэзиядан тысқары проза бағдарында да нәтийжели дөретиўшилик етип киятырғанлығын атап өткен еди. Әсиресе, автор балалардың жақсы көретуғын жанрларының бири болған гүрриңлер жазыўда үлкен табысларға ерискенин қосымша етиўимиз орынлы болады. Оның «Моншақ», «Аралдағы акула», ҳәм «Өткен әсир ўақыялары» атлы топламларынан орын алған гүрриңлери қысқа сюжетке қурылып, қаҳарманлар образы қысқа ўақыялар менен ашып бериледи. Ж.Өтениязовтың балаларға арналған дөретпелериниң идея-тематикасы жүдә кең. Автордың тийкарғы идеясы қаҳарманлардың образында тәлим-тәрбия, мийнетти сүйиў, жақсылық, дослықты қәдирлеў сыяқлы уллы инсанийлық пазыйлетлерге арналады. Мәселен, 2018-жылы баспадан шыққан киши ҳәм орта мектеп жасындағы балалар ушын арналған «Аралдағы акула» гүрриңлер топламынан орын алған «Магнитофон»[9] атлы гүрриңи ўақыясы балалардың психологиясына сәйкес ҳәм жүдә ықшам жазылғанлығы менен оқыўшылар дыққатын тартады. Бул гүрриң қызықлы болыў менен бирге тәлим-тәрбия бериўши характерге ийе. Гүрриң бас қаҳарманы Гүлзада образы арқалы жүдә ерке, өжет, айтқаны болмаса сәл нәрсеге шатақ салып жылай беретуғын балалар сынға алынады. Бул типтеги балаларды тәрбиялап, жаман әдетлерден айықтырыў ушын магнитофон деталы жәрдеминнен шеберлик пенен пайдаланады. Сол арқалы автор әжаға-әжапаларының айтқанына қулақ аспайтуғын, гез келген нәрсени услап бүлдиретуғын, айтқаны болмаса дәрриў жылап ҳәммениң мазасын алатуғын қыздың характерин ашып береди ҳәм баланың мизе-қулқындағы жағымсыз әдетлерди жоқ қылыўға тырысады. Улыўмаластырып айтқанда Ж.Өтениязовтың гүрриңлеринде жасларды әдеп-икрамлыққа, адамгершиликке тәрбиялайтуғын дөретпелери жүдә көп. Бул бағдарда жазылған гүрриңлериниң және бири «Китап»[10]. Бул гүрриңи де қысқа сюжетке қурылып, сол арқалы автор китаптың

---

[8] Өтениязов Ж. Таңламалы шығармалары.–Тошкент: Янги китоб. 2020.13-бет
[9] Өтениязов Ж. Аралдағы акула. –Нөкис: Қарақалпақстан. 2018. 9-бет.
[10] Өтениязов Ж. Аралдағы акула. –Нөкис: Қарақалпақстан. 2018. 15-бет.

қәншелли уллы нәрсе екенлигин, оны қәдирлеп, таза сақлаў кереклигин Полат, Айгүл ҳәм Замира образлары арқалы жеткерип береди. Гүрриң ықшам ҳәм жүдә тәсирли шыққан.

Китапта буннан басқа балаларда үлкен қызығыўшылық оятатуғын «Ерик бағы», «Кроссовка», «Уйқышы бала» «Сүўрет салыў», ҳәм «Австралия» гүрриңлери орын алған болып, бул гүрриңлериниң сюжети көбирек қызықлы юморлы эпизодларға бай болып келеди. Сондай-ақ, киши эпикалық дөретпелеринде қаҳарманлардың характери олардың ойлаў психологиясы, балаларға сай сөйлеў тили арқалы шебер ашып бериледи. Мәселен, жазыўшының «Австралия» атлы гүрриңинде кишкене қыз Нурзада образы арқалы балаларға тән садалық ҳәм исениўшеңлик қызықлы ўақыя тийкарында тартымлы бериледи.

Жазыўшы ўақыяны былайынша баслайды: «Екшемби күни азанда, Нурзада телевизордан Австралияны көрди. Көп қойлар жайылып жүр, ийтлер қойларды бағып жүр. Көлдиң жағасында тереклер, шөплер өсип тур еди. Кишкене көлдиң ортасында қайық минген адамлар көринеди.

-Австралия узақта ма?-деп сорады, Нурзада әжапасы Замирадан. –Яқ, жақын,-деп ҳәзиллести ол үкесине.-Бүгин Тахтакөпирге баратырғанда барып кетемиз.» Жазыўшы усылайынша Австралияны көрип қызықсынған кишкене Нурзаданың әжапасының айтқанларына исенип, Тахтакөпирге бараман дегенше еки көзин үзбей жолға қарап барыўын, соңын ала шаршап уйқлап қалыўы, уйқылы ояў жолда ағаларының көл бойында тоқтап, олардың көл жағасында жүргенин көриўи ҳәм кемпир апасының үйине барғанда оның апасына «Бизлер австралияға бардық. Ағамлар Австралиядағы көлге шомылды»[11] деп толып тасып айтыўы бала тили менен қызықлы ҳәм исенимли сүўретленген. Бул арқалы биз жазыўшынының балалар психологиясын, оларға тән ис-ҳәрекетлер ҳәм пикирлеўин жақсы үйренгенлигин билсек болады. Сондай-ақ, жазыўшының «Сууўға кеткен бала», «Ойын», «Картошка», «Кроссовка», «Қуўыршақ», «Шана» гүрриңлери де жүдә ықшам ҳәм қызықлы берилген болып, оқыўшыларда қызығыўшылық оятады.

Жазыўшы гүрриңлериниң қаҳарманларына көбинесе бирдей атларды бериўди мақул көреди. Буны биз «Аралдағы акула» топламына киргизилген гүрриңлери мысалында Гүлзада, Нурзада, Айгүл ҳәм Полат атлары жийи пайдаланылғанын көриўимиз мүмкин. Бул арқалы биз гүрриң қаҳарманларының ойлап табылған образ емес, бәлким жазыўшының өз

[11] Өтениязов Ж. Аралдағы акула. –Нөкис: Қарақалпақстан. 2018.19-бет.

перзентлери ямаса ақылықлары болыўы итимал деген жуўмаққа келемиз. Биз буның менен жазыўшының дөретиўшилигин сынға алмақшы емеспиз. Ҳәр қандай дөретпениң ўақыялары, ондағы қаҳарманлардың атларын автор қәлегенинше бериў мүмкиншилигине ийе. Оны жазыўшының өзине тән стили сыпатында баҳаласақ болады. Негизинде балалар арналған шығармалар жазыў үлкен жуўапкершиликти талап етеди. Жазыўшы дөретиўшилигиниң өзиншелиги сонда -ол бизди қоршаған орталықты сезгир бақлап, ондағы биз онша дыққат аўдара бермейтуғын қубылысларды абайлап, әсиресе, балалардың турмысында гезлесетуғын жай ғана ҳәдийселерди өз дөретпелеринде шебер сәўлелендире алады. Сол тәреплери менен де жазыўшының дөретпелери шынлыққа жақын келеди. Бундай турмыслық ўақыяларға қурылған шығармалар балаларды бийпәрўа қалдырмайды. Деген менен, шығармаларда бирдей қаҳарман атларының қолланылыўы китап оқыўшыларында түсинбеўшилик пайда етиўи мүмкин деген пикирдемиз. Балалар үлкенлерге қарағанда анағурлым дәрежеде дыққатлы ҳәм олар өзи оқыған қаҳарманлардың атларын узақ ўақыт умытпайды. Бирақ, киши жастағы балалар өзлери оқыған ямаса еситкен шығармаларда бирдей атлы қаҳарманларды көп еситсе бир шығарманы екиншиси менен араластырып алыўы итималлығы жоқары болады. Бул тәреплерин есапқа алғанда, жазыўшы бирдейликтен қашқаны мақсетке муўапық болар еди деп ойлаймыз.

Автор дерлик барлық жанрларда балаларға арнап шығармалар дөреткенлигин абайлаўға болады. Әсиресе, ертек, рәўиятлар жазыўда жазыўшының тәжирийбесин жоқары баҳалаўымыз мүмкин. «Аралдағы акула»,[12] «Жайын»[13] гүрриңлери жазыўшының балалық пайтта еситкен рәўиятлары тийкарында жазылған гүрриңлер есапланады.

Гүрриң балалар әдебиятында ең жетекши жанрлардан бири. Қызықлы ўақыялар ҳаққында жазылған ҳәр қандай гүрриң кишкенелердиң дыққатын тартпастан қалмайды. Белгили илимпаз С.Қазақбаев қарақалпақ балалар әдебиятындағы гүрриңлерди еки түрге бөлип көрсетеди.[14] Биринши түрдеги гүрриңлерде қатнасыўшы қаҳарманлар бир ямаса бир неше адамлар айланысында жыйнақланып сүўретленеди. Ўақыяның эпизоды шекленген болады. Гүрринде сүўретлеў басым орынды ийелеў менен адам характери, көбинесе диалог пенен бериледи. Көлеми жағынан еки беттен

[12] Өтениязов Ж. Аралдағы акула. –Нөкис: Қарақалпақстан. 2018. 24-бет.
[13] Өтениязов Ж. Аралдағы акула. –Нөкис: Қарақалпақстан. 2018.13-бет.
[14] Қазақбаев С. XX әсирдиң ақыры XXI әсирдиң басындағы қарақалпақ балалар әдебияты эволюциясы жанрлық өзгешелиги ҳәм поэтикасы. Монография. –Нөкис: Билим. 2016. 23-бет.

кем болмаған гүрриңлер.  Ал, екинши түрдеги гүрриңлер қысқа ықшам бир ямаса бирнеше қоспа гәплердиң дизбеклесип келиў тийкарында көлеми жүдә қысқа ярым ҳәм бир бет әтирапындағы шығармалар. Жуманияз Өтениязовтың «Китап», «Ойын», «Сүўрет салыў» гүрриңлери киши көлемдеги гүрриңлерге киргизиўге болады.  Жазыўшының мектеп жасындағы балаларға арналған «Өткен әсир ўақыялары» дүркимине кирген гүрриңлерин  болса биринши түрдеги  гүрриңлерге киргизиўге болады. Китаптан орын алған гүрриңлер қызықлы сюжетлерге қурылған  болып, «Көшиў», «Қоңсы бала», «Бәҳәрде»,  «Радиодан үйрендим», «Қудыққа түскен бала», «Қойгезек», «Аңға шығыў», «Қасқа сыйыр», «Қаўын қорықта», «Мийнет ҳақы», «Қәлемниң күши» сыяқлы ўақыялар арқалы автор балалық пайтта көргенлери, басынан кеширгенлери ҳәм еситкен ўақыялары тийкарында өткен әсир балалар турмысын сәўлелендиреди. Қарақалпақ балалар прозасында бундай бағдардағы гүрриңлер дүркини Ә.Атажанов (Аңшы атамның әңгимеси), С.Жумағулов (Балалығымнан бир елес), А.Султановлар (Әкем ҳаққнда әңгимелер) тәрепинен де жазылған болып, олар ишинде Ж.Өтениязовтың бул шығармасының өзгешелик тәрепи ўақыялар жүдә образлы берилмесе де, әпиўайы ҳәм түсиникли сөзлерден қуралғанлығында көринеди.

Жазыўшының гүрриңлер дүркинине киген шығармалары  өзиниң идеялық бағдары, көркем сапасы, әпиўайы тили, балалардың психологиясына сайлығы жағынан бизиң дыққатымызды тартты. Китаптағы  ҳәр бир гүрриң шекленген эпизодқа қурылып, көбинесе ўақыя авторлық баянлаўлар арқалы  жеткериледи. Мысалы ушын «Қоңсы бала»[15] гүрриңин алып қарайық. Автор: «Бир күни Муратбай өрлеп киятырған ири сүўенди услайман деп, еле қайтпаған жаптың терең жерине түсип кетти. Ол жағаға умытылғаны менен, аяғы тайып, сууға мантыға баслады. Сонда Қутлыаяқ бирден сууға секирип түсип, Муратбайдың ишки кийиминен тислеп жағаға тартты. Муратбай ийттиң мойнына еки қоллап жабысып, екеўи де сайызға шықты. Сол күннен баслап бизлер Қутлыаяқ ийтимизди жүдә жақсы көретуғын болдық»-деп жүз берген ҳәдийсени көркем сүўретлейди.

Жазыўшы балалардың минез қулқын жақсы билетуғынлығын, оның шығармаларында тема таңлаўында айқын көринип турады. Ҳәр бир гүррииңинде  балаларды тәрбиялаў сезими аңлатылады. «Радиодан үйрендим», «Қудыққа түскен бала» ҳәм «Аңға шығыў» гүрриңлери болған

**[15] Өтениязов Ж. Өткен әсир ўақыялары. –Нөкис: Авангард-Баспа. 2022.5-бет.**

ўақыялар тийкарында жазылған болып, гүрриңдеги қаҳарманлар образы арқалы  турмыста ҳәр қыйлы күтилмеген қызықлы ҳәдийселер болыўын, олардан дурыс жуўмақ шығарыў зәрүрлиги түсиндириледи.

Улыўма айтқанда Ж.Өтниязов кишкенелерге арналған дөретпелеринде ҳәтте үлкенлерди де ойландыратуғын машқала ҳәм идеяларды қоя биледи. Сондай-ақ, балалардың ойлаў өзиншелигине, психологиясына, минез-қулқына, турмыс көнликпелерине сай түрде беребиледи. Усы тәреплери менен жазыўшының дөретиўшилигин  еле де терең үйрениў зәрүрлиги бар деп  есаплаймыз.

**Әдебиятлар**

1. Бекбергенова З. Бала тили пал  –Нөкис:Қарақалпақстан. 1997.
2. Қазақбаев С. XX әсирдиң ақыры XXI әсирдиң басындағы қарақалпақ балалар әдебияты эволюциясы жанрлық өзгешелиги ҳәм поэтикасы. Монография.  –Нөкис: Билим. 2016.
3. Өтениязов Ж. Таңламалы шығармалары. –Тошкент: Янги китоб.2020.
4. Өтениязов Ж. Аралдағы акула. –Нөкис: Қарақалпақстан. 2018.
5. Өтениязов Ж. Өткен әсир ўақыялары. –Нөкис: Авангард-Баспа. 2022.
6. Нуржанов П. Тынып-тыншымас талант ийеси//Еркин Қарақалпақстан.  –Нөкис, 2009-ж. 3-март. №27(18709)
7. Сийпатдинов Ш. Туўылған жерге садықлық туйғысы менен… //Қарақалпақстан Жаслары. –Нөкис, 2009-ж., 26-февраль. №9(7506)